



BYENVENI NAN BOSTON

Zanmi nou,

Byenveni nan Boston!

Se avèk anpil plezi mwen ap prezante'w edisyon 2008 Gid Sèvis Vil Boston Ofri (Guide to City Services) pou Nouvo Bostonyen. Chak nouvo Bostonyen gen yon istwa ki pwòp a limenm pou li rakonte. Epi-tou, chak nan nou gen pwòp pwoblèm pa nou. Gid sa-a ap ede'w jwenn resous oswa sèvis ke'w ka bezwen. Mwen vle vil pa nou an, rekonèt kòm vil ki kapab ede'w ak pwoblèm sa yo.

Listwa vil nou an rakonte ke chak nouvo Bostonyen toujou kontribye anpil nan devlopman vil Boston an. Jodi a, tankou nan tan pase, vil nou an ap vin pi rich gras ak prezans imigran.

Administrasyon mwen an deside pou'l kraze baryè ras, klas, ak kilti ki kenbe anpil imigran dèyè. Pou vil Boston an rive jwenn tout potansyèl li, nou dwe garanti ke tout rezidan nou yo dwe gen aksè ak sèvis ak resous gouvènman vil la gen pou li ofri.

Menm si w te fenk vin nan Boston oswa ou etabli rezidans ou nan vil la depi lontan, mwen swete w konsidere Boston tankou yon vil ki resevwa'w ak 2 bra louvri, epi-tou, wa fè sa'w kapab pou'w remèt li sa'w kapab an retou.

Sensèman,

Thomas M. Menino
Majistra Boston

BIWO MAJISTRA A POU NOUVO BOSTONYEN

Lakomin Boston, # 803 617.635.2980

Reveran Cheng Imm Tan, Direktris

www.cityofboston.gov/newbostonians

Ofis pou Nouvo Bostonyen an (Mayor's Office of New Bostonians (MONB) se yon inisyativ majistra Thomas M. Menino pou ranfòse abilite tout moun Boston alawonbadè, kèlkeswa lang oswa kilti yo, pou yo patisipe tout bon nan lavi ekonomik, sivik, ak kiltirèl vil Boston an.

Ou ka rele Ofis pou Nouvo Bostonyen an:

- Pou chèche konnen ki sèvis lakomin Boston genyen pou li ofri imigran ak refijye.
- Si ou menm oubyen yon moun ou konnen bezwen asistans pou rive jwenn sèvis gouvènman vil la ofri.
- Si w bezwen konsèy gratis nan sèvis immigrasyon MONB ofri de fwa chak mwa.
- Pou jwenn klas ESL (anglè kòm dezyèm lang) ak sitwayènte.
- Pou pataje pwoblèm ak tou sa ki konsène imigran ak refijye nan Boston jodi a.

Gid sa a se yon pwojè Ofis Nouvo Bostonyen mete sou pye pou asiste tout moun ki fenk vin abite nan Boston jwenn aksè ak sèvis enpòtan gouvènman vil la ofri. Sèvis yo gwoupe nan plizyè kategori tankou: Fason Pou Posede Yon Kay, Biznis, oubyen Edikasyon. Anba chak kategori sa yo, w'ap jwenn yon lis ak nimewo telefòn ajans ki bay sèvis sa yo. Si w ta vle vizite youn nan ajans sa yo an pèsòn, adrès yo nan dènye paj gid la.

Nou swete w jwen gid la itil. Si w pa pale anglè epi w ta bezwen èd pou jwenn sèvis sa yo, rele **Ofis Nouvo Bostonyen** an yon jou alavans nan **617.635.2980** pou w ka jwenn yon entèprèt.

SAK NAN GID LA

SEVIS GOUVENMAN VIL LA

Apatman ak Kay Bon Mache	p. 4
Ki jan pou'w achte yon Kay	p. 5
Konstriksyon ak Reparasyon kay	p. 5
Asistans Sou Zafè Taks	p. 6
Sèvis 24 Sou 24	p. 7
Sèvis de Baz	p. 7
Zafè Biznis	p. 9
Lisans, Pèmi, ak Anrejistreman	p. 10
Sa Ki Konsène Konsomatè	p. 11
Sèvis Pou Fanmi	p. 11
Edikasyon	p. 14
Pwoblèm moun aje, Fanm, Andikape ak Veteran	p. 15
Pwoblèm Sante Piblik	p. 16
Reprezantasyon Kominotè ak Patisipasyon Sivik	p. 17
Sekirite Piblik	p. 18
Aktivite Atistik, Kiltirèl e Espesyal	p. 19
Opòtinite Fon Nan Lakomin	p. 20
Djòb Lakomin	p. 20
Depatman Ak Ajans Nan Vil La	p. 21
Lòt Nimewo Telefòn Enpòtan	p. 23

Boston City Hall

One City Hall Square

Boston, MA 02201

617.635.4000

www.cityofboston.gov

Enregistre pou resevwa bilten ak Anons.

Vil Boston an ofri plizyè sèvis abònman nan imèl ki kreye pou ede rezidan vil la rete enfòm sou pwogram yo, sou sa kap fèt epi tout lòt opòtinite ki egziste ke vil la ofri. **www.cityofboston.gov/subscribe**

SEVIS POU VIL LA

APATMAN AK KAY BON MACHE

Lwe Apatman

Rental Housing Resource Center **617.635.4200**

Si ou lwe yon apatman, sant sa a kapab ede w si'w:

- Genyen yon pwoblèm ak mèt kay la oubyen ak yon lokatè.
- Genyen nenpòt kesyon sou zafè kay.

Vyolasyon Sou Kòd Sanitè

Mayor's 24-Hour Constituent Services **617.635.4500**

Mèt kay fèt pou an règ ak lwa sou pwopriyete ak sekirite. Si apatman ou rete a pa repòn ak bon jan kondisyon sanitè, rele Mayor's 24- Hour Constituent Services la. Yo ap kontakte yon enspektè kay pou envestige pwoblèm nan. Men kèk egzanp sou vyolasyon kòd sanitè:

- Si pa gen chofaj oubyen dlo cho nan kay la.
- Si gen pinèz, ravèt, oubyen lòt vye bèt, nan kay la.
- Si gen tiyo ki ap degoute dlo menm lè w fèmen' l.

Kay a Bon Mache

Boston Housing Authority **617.988.4000**

Se yon ajans piblik ki lwe kay bon mache ak moun ki pa fè anpil lajan oubyen ak moun ki pa fè lajan ditou. Kontakte yo pou konnen si'w kalifye pou aplike pou kay sa yo.

Fair Housing Commission **617.635.4408**

Komisyon sa-a travay pou elimine diskriminasyon epitou fè plis moun jwenn kay nan Boston. Rele yo si:

- Ou bezwen enfòmasyon sou kay a bon pri nan Boston.
- Ou kwè ke'w viktim diskriminasyon nan men mèt kay ou a.
- Si'w posede yon kay oubyen ou se yon manadjè eke'w ta renmen nou piblye apatman ou gen pou lwe.

Asistans An Ijans

Emergency Shelter Commission **617.635.4507**

Komisyon an kapab ede'w si:

- Ou pa gen kay pou rete eke'w bezwen referans pou sevis.
- Si'w nan nesesite pou manje.

KI JAN POU'W ACHE YON KAY

Boston Home Center 617.635.HOME /617.635.4663

Home Center ofri asistans lajan ak asistans teknik pou moun ki ta renmen achte yon kay nan Boston. Kontakte yo si:

- W ap chèche enfòmasyon sou ki jan pou achte yon kay.
- W ap achte kay premyè fwa eke'w ta renmen jwen èd lajan oubyen ipotèk a ba pri.
- W se yon pèsonaj ki bezwen asistans pou fè reparasyon nan kay w.
- W bezwen enfòmasyon sou kijan pou kenbe men ak yon ipotèk.
- W ta renmen achte yon mòso tè abandone ki tou kole ak kay w oubyen biznis w.

KONSTRIKSYON AK REPARASYON KAY

Pèmi

Inspectional Services Department 617.635.5300

Si w ap bati oubyen repare kay ou, oswa biznis ou, w ap bezwen yon pèmi kay, plonbye, oubyen elektirisite. Rele **Inspectional Services Department** vil la pou kapab jwen èd ak enfòmasyon sou zafè pèmi.

Asistans Pou Konstriksyon Ak Reparasyon

Boston Home Center 617.635.HOME/617.635.4663

Sant la kapab ede'w bati oubyen repare kay w. Kontakte yo si:

W ap chèche èd lajan oubyen ipotèk ak entere ba pou repare kay ou.

W ta renmen achte yon kay ki abandone, men ou bezwen èd pou repare-l.

W ta renmen bati yon kay sou yon moso tè ki vid nan katye'w la.

Boston Landmarks Commission 617.635.3850

Si ou rete nan yon distrik istorik nan Boston, w ap bezwen yon pèmi pou fè reparasyon sou deyò kay ou oubyen biznis ou. Pou enfòmasyon rele *Boston Landmarks Commission*.

ASISTANS SOU ZAFE TAKS

Taxpayer Referral & Assistance Center (TRAC)
617.635.4287

Sant sa ki nan *Mezzanine Level* nan *City Hall* la kapab ede'w si:

- W gen nenpòt kesyon sou frè taks sou pwopriete oubyen sou frè taks an jeneral. (Pou peye bil taks ane pase a rele ofis Kolektè a ("*Collector's Office*") nan **617.635.4131**
- W demenaje epi w bezwen chanje adrès pou resevwa bil taks sou pwopriete'w la – rele **617.635.3783**
- W ta renmen genyen yon kopi Dènnye taks bil ou a
- W ta renmen genyen plan yon pwopriyete oswa kat dokimantasyon yon pwopriyete rele **617. 635.3742**
- W vle konnen si ou kalifye pou yon taks ekzanpsyon sou yon pwopriyete dapre sikonstans sa yo: w se yon granmoun, w avèg, vèv, yon minè paran'w mouri, yon veteran ki andikape.
- W vle konnen si ou kalifye pou yon ekzanpsyon akòz de yon pwoblèm oswa Taks Defere (ke'w ka peye apre).
- W vle aplike pou yon rabè paske w panse yo bay kay w twòp valè, move klasifikasyon, oswa gen yon taks ekzanpsyon.
- W vle konnen plis enfòmasyon sou kijan yo elimine frè taks pou moun ki POSEDE oubyen RETE nan pwòp kay yo (Residential Exemption).
- W gen kesyon sou taks w peye pou machin w kap kouri nan lari a.
- W posede yon bato ki nan waf nan Boston epi w genyen kesyon sou taks pou bato a "Boat Excise Tax".
- W se mèt yon biznis epi w ta vle gen enfòmasyon sou taks Pwopriyete Pèsonel *("Personal Property Tax").

Taks Pwopriyete Pèsonel: mèt biznis dwe peye taks sou sèten pwopriyete prive yo itilize pou biznis yo (egzanp: chèz nan yon kwafè, oswa zouti yon dantis itilize) Pou kesyon sou taks sa a, rele Depatman Evalyasyon “Assessing Department” inite Pwopriyete Pèsonel la nan **617.635.1165**.

Enfòmasyon nan entènèt:

www.cityofboston.gov/assessing oswa

Nan imèl: assessing@cityofboston.gov.

SEVIS 24 SOU 24

Mayor’s 24 Hour Constituent Services 617.635.4500

Biwo majistra a ap travay pou wè si li ka reponn ak tout pwoblèm ou. Sèvis sa a fonksyone 24 sou 24 pou pran kout fil sou nenpòt pwoblèm ki regade vil la. Pa egzanp, ou ka rele yo:

- Si pa gen chofaj oubyen dlo cho nan bildinj ou rete a.
- Si apatman’w la pa repòn ak bon kondisyon sanità (tankou pwoblèm rat, sourit, ensèk, tiyo ki ap degoute, elatriye).
- Si yo pat pran fatra’w ak lòt bagay ou resikle.
- Pou repòte moun k ap jete fatra ilegalman.
- Pou mande retire nèj, mete sèl oubyen sab, netwaye lari a, ak chanje anpoul limyè.
- Pou mande repare lari a ak twotwa yo (twou, elatriye).
- Pou retire grafiti (ekriti) sou pwopriete prive oswa piblik.
- Pou repòte yon machin ki abandone.
- Pou repòte pwoblèm sou zannimo domestik oubyen sovaj. Rele **Animal Control** nan **617.635.5348**.
- Pou mande netwaye yon teren abandone.

Biwo a kapab refere’w tou ak lòt ajans ki pa nan gid la.

SEVIS DE BAZ

Travay Piblik

Public Works Department

Depatman Travo Piblik vil la ofri anpil sèvis, tankou ranmase fatra ak repare wout. Parekzanp, w ka rele yo:

- Pou enfòmasyon sou ranmase fatra ak orè yo.
Sanitation (617.635.7573).
- Pou enfòmasyon sou pwogram resiklay la.
Recycling (617.635.4959).
- Pou repòte pwoblèm limyè nan lari a.
Street Lighting (617.635.7500).
- Pou repòte twou nan lari-a oubyen mande pou pwòpte lari ou rete a **(617.635.7555).**

Plas Piblik Ak Pye Bwa

Parks & Recreation Department 617.635.4505
oubyen 617.635.PARK 617.635.7275

Depatman sa a responsab plas piblik ak espas vèt (pye bwa) nan vil la. Rele yo:

- Pou mande koupe oubyen debranche yon pye bwa ki sou tè leta (tankou nan lari-a oubyen nan plas piblik).
- Pou Pye Bwa en Ijans nan lari **617.635.7275** oubyen lign dirèk pou Majistra a (*Mayor's Hotline*) **617.635.4500**
- Pou mande pwòpte oubyen repare yon plas piblik oswa yon teren pou moun jwe.
- Pou patisipe nan yon pwojè anbelisman katye.
- Pou mande yo plante yon pye bwa nan yon ri nan katye'w.

Dlo ak Drenaj

Komisyon Dlo ak Drenaj nan Boston
(Boston Water & Sewer Commission)

980 Harrison Avenue

Boston MA. 02119

Website: www.bwsc.org

Yon Ajans Ijans ki fonksyone 24/7 617.989.7000

Komisyon-an responsab pou distribisyon tout dlo ak lign drenaj nan vil la. Rele yo:

- Si lign drenaj ou bloke oswa koupe.
- Si drenaj pou lapli anfas lakay ou a bloke.
- Si'w wè moun ap jete fatra nan sistèm drenaj la.
- Si'w ta renmen genyen yon ti bwat zouti pou konsève dlo lakay ou.

Boston Transportation Department (BTD)

Kontakte yo:

- Pou jwenn yon fich pou pake nan katye'w la. **617.635.4682.**
- Pou peye oubyen pwoteste kont yon kontravansyon **617.635.4410.**
- Pou reklame machin ou yo towe oubyen mete bòt nan kawotchou'l **617.635.3900.**

ZAFÈ BIZNIS

Asistans Pou Biznis

Office of Business Development 617.635.3880

Biwo sa-a kapab ede-w louvri yon nouvo biznis, oubyen agrandi, oswa devlope yon biznis ou deja genyen. Rele biwo a si:

- W ta renmen enfòmasyon sou ki jan pou konmanse, devlope, oubyen chanje lokal pwòp biznis w.
- W bezwen èd pou jwenn yon lokal pou biznis w.
- W gen kesyon sou kijan pou jwenn yon pèmi.
- W enterese jwenn asistans lajan ak teknik pou biznis w a.
- W vle anbeli devan boutik w a.

Kòmanse Yon Biznis

Office of Business Development 617.635.3880

Si'w ap kòmanse yon nouvo biznis, biwo a kapab ede'w fè sa. Pou kòmanse yon biznis nan Boston, gen plizyè etap ofisyèl ou dwe swiv:

- Anrejistre biznis ou a ak gouvènman vil la. Ranpli yon Sètifika Biznis nan **City Clerk's Office (617.635.4601).**
- Gen tout pèmi ki nesèsè pou bati. Si'w gen plan pou repare oubyen agrandi yon kay, change lokatè oubyen fason ou te kon itilize kay la, oswa kraze li, ou dwe kontakte biwo **Inspectional Services – Building Division (617.635.5306).** Biwo a kapab ba ou pèmi pou sistèm elektrik ak dife, gaz, plonbye, konstriksyon, ak sètifika pou enspeksyon, epi pou moun rete nan kay la.

- Si ou prepare, distribye, oubyen van-n manje nan biznis ou-a, w-ap bezwen pou pran yon pèmi nan biwo **Inspectional Services – Health Inspection Division** Pou jwen yon lis biznis ki dwe gen pèmi, oubyen pou aplike pou yon pèmi, rele **617.635.5326**.
- Pou jwen yon lisans pou sèvi manje ak bwason, menm si se alkòl, kontakte biwo **Boston Licensing Board (617.635.4170)**.
- Pou jwen yon lisans pou vann nan lari, rele **617.635.4911**

Taks Sou Pwopriete Pèsonel

Tout moun dwe peye taks sou pwopriete pèsonel yo itilize pou fè biznis (tankou: chèz lakay yon kwafè, oubyen gwo machin yon dantis itilize). Si ou gen kesyon sou taks sa-a rele biwo **Assessing Department – Personal Property Unit (617.635.1165)**.

Biznis Klas Minorite Ak Fanm

Minority/Women Business Enterprise Office

617.635.4084

Si'w gen yon biznis epi w fè pati de yon klas minorite oubyen ou se yon fanm, si'w ta enterese pran kontra ak vil la, kontakte biwo sa a. Ou kapab kalifye pou asistans espesyal akòz kontra sa yo.

LISANS, PEMI, AK ANREJISTREMAN

Men yon lis kote ou ka aplike pou kèk pèmi ak lisans nan vil Boston. Lis sa pa fin konplè nèt. (Pou yon pèmi sou biznis, ale nan seksyon “Biznis” la. Rele si'w bezwen:

- Yon kopi sètifika batistè, mariaj, oubyen lanmò.
Registry (617.635.4175)
- Yon lisans pou kapab jwe mizik nan lari, pote zam oswa “Mace” sou ou, pou'w vann machin, raf oubyen yon baza, lisans pou sèvi manda, mesaje sou bisiklèt, vann kenkay, pèmi pou yon aktivite sou plas piblik, charyo pou'w vann “hòt-dògs”.
Police Department (617.343.4425)
- Yon pèmi pou fè yon raf oubyen yon baza,
City Clerk (617.635.4601)
- Yon pèmi pou yon aktivite sou plas piblik.
Parks & Recreation (617.635.4505)
- Yon pèmi pou yon konpetisyon oubyen yon parad nan lari
Transportation Department/BTD (617.635.4675)

- Yon lisans pou chyen.
Animal Control (617.635.5348)
- Vil la pa responsab pou bay lisans pou kondwi machin. Rele
Massachusetts Registry of Motor Vehicles
(617.351.4500)
- Pou peche nan dlo dous, ou bezwen yon lisans nan
Department of Wildlife and Fisheries.
(617.626.1590)

SA KI KONSENE KONSOMATÈ

Tout konsomatè gen dwa ak yon tretman ki jis. Vil Boston gen kèk ajans ki la pou pwoteje dwa 'w genyen kòm konsomatè. Tankou, si:

- W genyen yon plent sou yon biznis, kontraktè, oubyen yon bank w te fè biznis avè-l, rele
Consumer Affair & Licensing (617.635.3834)
- Si w panse yon ba, yon restoran, oubyen yon bwat de nwi jwe mizik twò fò, oubyen maltrete ou, rele
Consumer Affair & Licensing. (617.635.3834)
- Gwo kamyon oubyen machin konstriksyon ki pake devan lakay w ap fè anpil bri, rele
Environment Department. (617.635.3850)
- Si w achte yon bagay, epi aprè w remake yo pa ba'w sa w peye pou li a, rele
Inspection Services Weights and Measures Division. (617.635.1010)

SEVIS POU FANMI

Boston Centers for Youth & Families (BCYF)
Se pi gwo ajans ki ofri sèvis pou jèn moun ak sèvis resous pou moun, gen 46 sant kominotè, 21 pisin ak 1 plaj. Sant kominotè BCYF yo se “nannan kominote a” kote rezidan Boston yo ka gen aksè ak anpil enfòmasyon ak asistans. Pou plis enfòmasyon sou BCYF, vizite <http://www.cityofboston.gov/bcyf> oswa rele **617.635.4920**.

Swen Pou Timoun

Plizyè nan sant kominotè ki gen relasyon ak lakomin bay bon swen pou ti moun tout laj. Pou jwen **Boston Community Center** ki pre ak kay ou, rele nan: **617.635.4920 x2315**.

Pou plis enfòmasyon sou lòt kote ki bay swen pou ti moun ki pa chè, **rele Parents United for Child Care Child Care (617.720.1290)**, oubyen **Choices of Boston (617.542.5437)**.

Pwogram Apre Lekòl

Boston Community Centers yo ofri diferan pwogram pou ti moun apre lekòl lage.

Boston Centers For Youth & Families' Nan pwogram sa-a ki ofri sèvis pou jèn moun w jwenn Kan Kè Kontan (Camp Joy) pou ti moun e granmoun ki andikape, Pwogram Konpayon Pou La Pè (The Peace Fellows Program), Jèn Lidè An Aksyon (Teen Leaders in Actions) e Pwogram Mach nan Lari (Streetworker Program). Anplis, chak sant kominotè gen yon jèn anplwaye ki travay avèk lòt jèn moun nan vwazinaj li sou pwogram ak aktivite yo. (Pou jwen plis enfòmasyon osijè BCYF Pwogram Sèvis pou Jèn Moun, rele **617.635.4920 x2215**).

Sèvis Pou Jèn

- Biwo **Mayor's Youthline (617.635.2240** ou **617.635.KIDS)** se yon kote pou jèn moun, paran, edikatè, jèn travayè jwenn opòtinite. Sèvis sa-a ofri kantite referans pou jèn moun nan aktivite atistik, atletik. edikasyon, anplwaman, amizman, legal, sante, pwogram sèvis sosyal e òganizasyon. W kapab rele biwo sa-a pandan la semen de midi a 8è diswa (lè lekòl an vakans de 10zè dimaten a 6zè iswa. **www.BostonYouthZone.com**
- **BOSTONavigator** se yon kote w kapab ale nan entènèt pou chèche program nan Boston ki ofri sipèvizyon pou jèn moun ki ant 5-18 ane e ki ouvri lè lekòl an vakans. **www.BOSTONnavigator.org**

Boston Centers for Youth & Families (BCYF) (617.635.4920) gen anplwaye yo rele *street-workers* ak *peer leaders* ki ap ede lot jèn jwenn aktivite, evite yo tonbe ansent, epi konbat kont dwòg, elatriye.

The Boston Youth Fund (BYF) (617.635.4202) ofri travay an ete pou jèn ant 15 jiska 17 ane ki ap viv nan Boston e ki te anregistre pandan period anbochaj la nan ***HOPEline* 617.635.4673** pandan mwa fevrye e mas. Yo plase aplikan yo nan divès kominote kote òganizasyon vil yo ofri djob an ete. Yo anplwaye jèn sa yo kòm konseye nan kan, pou pentire mi, pou

asiste pwofesè, pou gid nan toune e pou fè anpil lòt travay ankò.

Rekreyasyon

Boston Centers for Youth & Families' Recreation Division

Se yon Sant ki okipe li de yon pakèt pwogram ki chanje selon sezon an. Pami sa ki pi popilè yo w jwenn Koup ke Majistra-a Ofri (The Mayor's Cup-tournaments), Lig Baskètbòl (the Boston Neighborhood Basketball League), Bizbòl Konpetisyon (the Sox Talks/Fenway Challenge), Sant Spò e Semenn Vakans Klinik (White Stadium Sports Center and vacation week clinics and tournaments). En plis, sant kominotè BCYFbizo ofri aktivite rekreyasyon pandan tout ane-a pou moun tout laj, tankou:

- Jimnastik ak naje nan pisin
- Klas sou gita, seramik, elatriye.
- Gwoup pou timoun jwe ak kan pou sezon ete-a.
- Pwogram pou granmoun aje, tifi, ak jèn.

Boston Public Libraries

617.536.5400

www.bpl.org

Bibliyotèk ki nan lokalite-w la ofri pwogram famiyal ak asistans, tankou:

- Lè pou istwa pou ti bebe ak timoun ki ap prepare pou lekòl.
- Reading Readiness, yon pwogram pou timoun ki ap prepare pou lekòl ansanm ak paran yo.
- Rabè sou tikè pou ale nan Aquarium, Children's Museum, Museum of Science, ak Museum of Fine Arts.

Park and Recreation Department

617.635.4505

Depatman sa-a kapab ede-w si:

- Si ou vle patisipe nan nenpòt aktivite atistik, spò, ak pwogram edikasyon sou environman nan plas piblik nan katye-w.
- Si ou gen kesyon oubyen nenpòt pwoblèm sou plas piblik ki nan katye-w.
- Si ou ta renmen itilize plas piblik nan katye-w la pou aktivite spòtif oubyen nenpòt lòt aktivite espesyal.

EDIKASYON

Edikasyon Pou Granmoun

- BCYF ofri klas pou ede granmoun prepare epi-tou pran egzamen GED. Rele Boston Centers for Youth & Families (BCYF) nan nimewo sa-a **617.635.4920 x2540** pou'w enfòmè w sou sant pi pre ki bay klas nan katye w.
- Klas pou revize abilite debaz (Adult Basic Education). Rele Boston Centers for Youth & Families **617.635.4920 x2202** pou klas nan vwazinaj w.

ESOL Pou Granmoun

Genyen yon pakèt sant nan Boston ki ofri klas *ESOL* (anglè pou moun ki pale lòt lang).

- Kontakte Office of New Bostonians (**617.635.2980**) pou referans sou sant ki ofri klas ESOL.
- Boston Community Centers yo ofri klas ESOL nan tout Boston. Rele **617.635.4920** pou enfòmasyon sou sant kominotè ki pi pre-w la.
- Pou enfòmasyon sou lot klas ESOL, kontakte Mayor's Office of Jobs & Community Services (**617.918.5252**)
- Boston Public Library ofri konvèsasyon an gwoup gratis pou moun ki fèt nan peyi yo pa pale angle yo (**617.859.2446**) www.bpl.org bpl.org/branches/dudleyle.html

Jèn / Lekòl Piblik Nan Boston

Boston Public School ofri edikasyon piblik gratis pou tout jèn nan Boston. Lekòl elemantè ak lekòl mwayen divize an 3 zòn. Paran ti moun yo kapab chwazi lekòl ki nan zòn yo rete-a oubyen nan kèk lekòl nenpòt kote nan vil la ki disponib pou tout timoun. Chak zòn gen yon sant enfòmasyon pou paran *PIC* kote ou ka gen enfòmasyon sou lekòl yo, e kote w vle mete pitit w. Zòn yo se:

- **East Zone (617.635.8015)**: Hyde Park, Mattapan, Dorchester, South Boston
- **West Zone (617.635.8040)**: West Roxbury, Roslindale, Jamaica Plain, Roxbury.
- **North Zone (617.635.9010)**: Allston/Brighton, Mission Hill, South End, Back Bay, Chinatown, Downtown, Charlestown, East Boston.

- Chak janvyè, vil la òganize yon asanble pou bay tout paran enfòmasyon sou tout lekòl nan Boston. Rele Parent Information Center pou plis enfòmasyon.
- Si ou gen yon timoun ki bezwen transpòtasyon pou-l ale lekòl, oubyen ou gen nenpòt kesyon sou transpòtasyon, rele **617.635.9530**.

Edikasyon Biling Ak Lòt Chwa

PWOBLEM MOUN AJE, FANM, ANDIKAPE, AK VETERAN

Sèvis Pou Moun Aje

Kontakte **Elderly Commission (617.635.4366)** si ou se yon moun aje epi w bezwen asistans pou kay, transpòtasyon, swen pou lasante, djòb, aktivite kiltirel ak travay kòm volontè e plis ankò..

Pou enfòmasyon sou elimine frè taks sou pwopriete pou moun aje, kontakte **Taxpayer Referral & Assistance Center / TRAC (617.635.4287)**

Pou repòte abi sou moun aje, rele **Police Department 617.343.4300 Bureau of Field Services** oubyen rele 911, oubyen The Commonwealth of Massachusetts' **Statewide Elder Abuse Hotline (1-800-922-2275)**, biwo-a travay 24 sou 24.

Pwoblèm Ki Konsène Fanm

Women's Commission 617.635.3138

Kontakte *Women's Commission* vil la si ou genyen kesyon sou vyolans domestik, oubyen si w-ap chèche resous pou fanm ak jèn ti fi nan Boston.

Asistans Pou Andikape

Commission for Persons with Disabilities 617.635.3682

Si ou gen nenpòt andikap, Komisyon an kapab ede-w si:

- Ou santi w pa gen aksè egal ego ak tout sèvis piblik, tankou edikasyon, transpòtasyon, ak kay.
- Si ou men-m oubyen yon moun nan fanmi-w ta renmen genyen yon plas rezève pou pake machin devan lakay-ou.
- Ou bezwen referans oubyen enfòmasyon sou lòt sèvis ki disponib pou moun andikape.

Sèvis Pou Veteran

- **Rele Veterans' Services Commission (617.635.3026)** si w te sèvi nan lame ameriken epi w ta renmen gen enfòmasyon sou benefis veteran.
- Pou enfòmasyon sou eliminasyon frè taks sou pwopriete prive pou veteran andikape, kontakte **Taxpayer Referral & Assistance Center / TRAC (617.635.4287)**.

PWOBLEM SANTE PIBLIK

Pwogram Sante

Public Health Commission ofri anpil pwogram ki okipe de diferan pwoblèm. Yo kapab ede-w si:

- Ou pa gen asirans sante epi w dwe wè yon doktè. Rele Mayor's HealthLine **(617.534.5050)**, biwo-a louvri lendi – vandredi 9:00 – 5:00. Gen tradiktè pou tout lang.
- Ou bezwen enfòmasyon sou pwogram tretman pou moun ki itilize dwòg nan Boston. **617.534.5554**
- Ou bezwen èd pou sispan fimen. **617.534.4718**
- Ou ansent epi w vle enfòmasyon sou ki jan pou kenbe bebe-a an sante. **617.534.5832**
- Ou bezwen enfòmasyon sou kansè nan tete. **617.534.9650**
- Ou gen jèn ti moun eke-w ta renmen evite malè pou yo. Pran bon jan enfòmasyon sou asire ke fenèt yo pa yon danje pou ti moun yo, kas pou tèt pou kondi bisiklèt ak chèz pou bebe nan machin a bon pri. **617.534.5197**
- Ou menm oubyen timoun ou gen HIV epi w bezwen vizite yon doktè oswa yon dantis. **617.534.4717**
- Ou vle konnen si kay ou gen plon (lead Paint) epitou kijan pou pwoteje timoun ou kont zafè plon. **617.534.5966**

Sant Sante Kominotè

Anpil sant sante ofri plizyè pwogram ak swen pou lasante gratis oubyen pou yon ti kraze lajan pou moun ki gen bezwen. Pou konnen sant ki pi pre-w la, rele **Neighborhood Health Center. 617.534.5050**

REPREZANTASYON KOMINOTE AK PATISIPASYON SIVIK

Moun Ki Eli

- Si w bezwen enfòmasyon sou anons majistra-a te fè, oubyen w bezwen kopi yon diskou majistra-a te fè an piblik, kontakte **Mayor's Press Office (617.635.4461)**.
- Si ou ta renmen envite majistra-a pou-l vini nan yon aktivite komintè, poste oubyen faks yon lèt nan **Mayor's Scheduling Office (fax: 617.635.2851)**, adrès postal: **Office of the Mayor, Attn: Scheduling, Boston City Hall, Boston, MA 02201**
- Si ou vle kontakte **City Councilor** ki reprezante katye-w la oubyen konnen enfòmasyon sou dènye desizyon lakomin pran, rele **617.635.3040**.

Sèvis Kominotè

Office of Neighborhood Services 617.635.3485

Chak katye nan Boston genyen yon koodinatè ki travay nan *Mayor's Office of Neighborhood Services*. Biwo sa-a ankouraje ak fasilite sitwayen pou patisipe nan machin politik la. Kontakte *Neighborhood Services* si:

- W bezwen enfòmasyon sou sèvis lakomin ofri ak inisyativ majistra-a pran.
- W gen kesyon sou koze limit ak lisans.
- W ta renmen yon reprezantan lakomin vini nan yon reyinyon kominotè.
- W bezwen gen enfòmasyon sou gwoup ak oganizasyon kominotè ki aktif non katye-w la.

Vote

Boston Election Department 617.635.3767

Kontakte Boston Election Department an si ou bezwen:

- Anrejistre pou vote.
- Konnen kilès ki reprezante katye-w la.
- Konnen ki kote pou al vote jou eleksyon an .
- Konnen ki sa yo mande pou kandida pou yon plas.

Entènèt

*Pou plis enfòmasyon sou vil la, vizite the City of Boston's web site: **www.cityofboston.org***

Enrejistre pou resevwa bilten ak Anons
Vil Boston ofri plizyè kalite sèvis abònman nan imèl
ki kreye pou ede rezidan vil la rete enfòme sou tout
pwogram nan vil la, sou sa kap fèt epi tout lòt
opòtinite ki egziste ke vil la ofri.
www.cityofboston.gov/subscribe

SEKIRITE PIBLIK

Pou lapolis, ijans medikal ak dife, rele 911.

Depatman Lapolis

Rele departman lapolis pou ede konbat krim nan
katye-w. Pa egzanp:

- Pou repòte aktivite dwòg, rele **617.343.5625**.
- Pou repòte yon ka vyolans domestik, rele **617.343-4350**.
- Pou repòte yon ka abi seksyèl, rele **617.343.4400**.
- Pou ede diminye krim nan katye-w la, patisipe nan **Neighborhood Crime Watch Group (617.343.4524)**. **1.800.494.TIPS (8477)**
- Pou repòte abi sou moun aje, kontakte **The Police Department (617.343.4300)** Bureau of Field Services oubyen rele 911, oubyen ankò Commonwealth Massachusetts **Statewide Elder Abuse Hotline (1.800.922.2275)** ki travay 24è sou 24
- Si moun ap ba-w pwoblèm onbyen yo atake-w poutèt koulè-w, ou kontakte **Community Disorders Unit (617.343.4527)**.

Sèvis Ijans Medikal

(617) 343-BEMS (617)343-2367

Kontakte Boston Sèvis Ijans Medikal (EMS) si w:

- Ta vle òganize yon pwogram CPR pou òganizasyon w oswa pou yon gwoup kominotè.
- Ta renmen patisipe nan yon pwogram pou verifye si chèz bebe w byen instale nan machin w.
- Ta renmen patisipe nan yon klas EMT
- Ta renmen patisipe kòm volontè nan Public Health
- Preparedness Medical Reserve Corps pou ede lè gen yon dezast nan Massachusetts
- Deja sètifye kòm yon EMT e ou ta renmen aplike nan Akademi EMS Boston an.

Biwo Preparasyon pou Emèjensy nan Lakomin Boston reponsab pou li òganize tout efò kap fèt ke se piblik prive e kominotè pou prevni, reponn-a e retabli de efè dezast ke moun koze ou natirèl. Pou aprann plis sou sa w ka fè pou prepare'w pou yon emèjensy, rele Biwo Preparasyon pou Emèjensy-a oubyen vizite **www.cityofboston.gov/emergency**

Dife

Fire Department**617.343.3550**

Kontakte (*Fire Department*) si ou ta renmen:

- Apran-n kijan pou evite dife.
- Poze kesyon sou detekte lafimen nan kay oubyen kijan pou chape poul ou lè dife pran.
- Vizite yon kay ponpye.
- Repòte si-w sispèk gen pwodui chimik nan kay ou rete-a.

AKTIVITE ATISTIK, KILTIREL E ESPEYAL

Mayor's Office of Arts, Tourism & Special Events**617.635.3911**

Biwo sa-a la pou ede atis, moun kap fè fim e rezidan nan vil Boston. Kontakte biwo sa-a si w ta renmen:

- Fè yon ekspozisyon atistik, jwenn pèmi e/oubyen asistans.
- Konnen ki aktivite espesyal kap fèt nan Boston sou patwonaj Lakomin.
- Patisipe nan yon pwogram entènasyonal avèk lòt vil.
- Fè yon ekspozisyon atistik sou yon pwopriete lakomin.
- Gen plis enfòmasyon sou kote ki gen galeri ak ekspozisyon.
- Apran-n plis sou monte fim nan Boston.
- Gen plis enfòmasyon sou afè donasyon anyèl de Konsey Kiltirèl Boston pou òganizasyon ki pap travay pou pwofi.
- Òganize yon aktivite kiltirèl nan Strand Teat.

Parks & Recreation Department**617.635.4505**

Inisyativ (*Park/Arts*) ofri pwogram atistik pandan tout ane-a. Kontakte yo si ou vle:

- Genyen yon orè pou pèfomans kiltirèl ki ap fèt nan plas piblik yo.

- Chèche konnen atelye kote w ka travay gratis nan plas piblik yo.
- Patisipe kòm aktè oubyen asistan nan pwogram atistik ki ap fèt nan plas piblik yo nan tout Boston.

OPOTINITE FON NAN LAKOMIN

Lakomin bay fon pou plizyè diferan pwogram. Ou ka kalifye pou resevwa fon si oganizasyon w la:

- Ede jèn pou vin bon lidè demen epitou devlope pwogram pou ede yo evite vyolans ak fason pou yo rezoud diskisyon yo.
- Ofri bon jan swen pou timoun ak pwogram pou lè yo nan vakans. **Boston Centers for Youth & Families (BCYF) (617.635.4020).**
- Ofri pwogram edikasyon pou granmoun ak preparasyon elemantè pou djòb. **Jobs & Community Services (617.635.5252).**
- **The Boston Youth Fund (BYF) (617.635.4202)** ofri travay an ete pou jèn ant 15 jiska 17 ane ki ap viv nan Boston e ki te anregistre pandan period anbochaj la nan Yo plase aplikan yo nan divès kominote kote òganizasyon vil yo ofri djòb an ete. Yo anplwaye jèn sa yo kòm konseye nan kan, pou pentire mi, pou asiste pwofesè, pou gid nan toune e pou fè anpil lòt travay ankò.
- Ofri edikasyon, sipò, aktivite ak pwogram pou jèn ak fanmi yo. **Safe Neighborhoods Youth Fund (617.635.2258).**
- Sipòte pwogram atistik oubyen w ap chèche fon pou mennen timoun lekòl nan aktivite kiltirèl. **Arts, Tourism, & Special Events (617.635.2437).**

DJOB LAKOMIN

- Lakomin Boston ofri djòb nan entènèt. W kapab jwenn djòb sa yo e aplike pou yo nan website sa-a: www.cityofboston.gov/jobs.
- Si ou bezwen enfòmasyon sou benefis pou pansyon pou anplwaye vil Boston, kontakte **Retirement Board (617.635.4305).**
- Si ou rete nan Boston, ou se yon fanm, oswa ou fè pati de yon klas minoritè, epi w ta renmen travay pou yon-n nan pwojè konstriksyon vil la, kontakte **Boston Jobs Bank (617.918.5480).**

DEPATMAN AK AJANS NAN VIL LA

Animal Control & Adoption Center Boston City Hall Room 811	617.635.5348 617.635.1800
Arts, Tourism & Special Events/Film Boston City Hall Room 802	617.635.3911
Boston Centers for Youth & Families (Main Office) 1483 Tremont Street	617.635.4920
Boston Home Center 26 Court Street.	617.635.4663
Boston Housing Authority (BHA) 52 Chauncy Street	617.988.4000
Boston Landmarks Commission Boston City Hall Room 805	617.635.3850
Boston Public Libraries (Main Number) 700 Boylston Street (Copley Square)	617.536.5400
Boston Public Schools (General Information)	617.635.9000
• East Zone (617.635.8015): Hyde Park, Mattapan, Dorchester, South Boston. • West Zone (617.635.8040): West Roxbury, Roslindale, Jamaica Plain, Roxbury. • North Zone (617.635.9010): Allston/Brighton, Mission Hill, South End, Back Bay, Chinatown, Downtown, Charlestown, East Boston.	
Boston Redevelopment Authority (BRA) Boston City Hall 9 th Floor	617.722.4300
Boston Water & Sewer Commission 980 Harrison Avenue	617.989.7000
City Clerk Boston City Hall Room 601	617.635.4600
City Councilors Boston City Hall 5 th Floor	617.635.3040
Civil Rights Office Boston City Hall Room 966	617.635.2500
Commission for Persons with Disabilities Boston City Hall Room 966	617.635.3682
Consumer Affairs & Licensing Boston City Hall Room 817	617.635.3834
Elderly Commission Boston City Hall Room 271	617.635.4366
Election Department Boston City Hall Room 241	617.635.3767
Emergency Preparedness Boston City Hall Room 204	617.635.1400
Emergency Medical Services 767 Albany Street, Boston	617.343.2367 or 911
Emergency Shelter Commission Boston City Hall Room 716	617.635.4507

Environment Department Boston City Hall Room 805	617.635.3850
Fair Housing Commission Boston City Hall Room 966	617.635.4408
Fire Department 115 Southampton Road	617.343.3415
Human Resources Department Boston City Hall Room 612	617.635.3370
Inspectional Services Division 1010 Massachusetts Ave.	617.635.5300
Jobs & Community Services 43 Hawkins Street	617.918.5200
Licensing Board Boston City Hall Room 809	617.635.4170
Mayor's 24 Hour Services (24 hours a day) Boston City Hall 8 th Floor	617.635.4500
Mayor's HealthLine	617.534.5050
Mayor's Press Office Boston City Hall Room 603	617.635.4461
Mayor's Scheduling Office Boston City Hall 5 th Floor	617.635.3274 Fax: 617.635.2851
Mayor's YouthLine (Open 2:00-10:00pm)	617.635.2240
Office of Business Development 26 Court St. 9 th Floor	617.635.3880
Office of Neighborhood Services Boston City Hall Room 708	617.635.3485
Office of New Bostonians Boston City Hall Room 803	617.635.2980
Parks & Recreation 1010 Massachusetts Avenue	617.635.4505
Police Department 1 Schroeder Plaza (Ruggles)	617.343.4200
Property Management Boston City Hall Room 811	617.635.4100
Public Health Commission 1010 Massachusetts Avenue	617.534.5264
Public Works Boston City Hall Room 714	617.635.4900
Registry Division Boston City Hall Room 213	617.635.4175
Rental Housing Resource Center Boston City Hall Room 709	617.635.3653
Retirement Board Boston City Hall Room 816	617.635.4305
Small & Local Business Enterprise Boston City Hall Room 717	617.635.4084

Taxpayer Referral & Assistance Center (TRAC) Boston City Hall Mezzanine Level	617.635.4287
Veterans' Services 20 Church Street	617.635.3026
Women's Commission Boston City Hall Room 716	617.635.3138

LÒT NIMEWO TELEFON ENPÒTAN

SWEN POU TIMOUN AK PWOGRAM APRE LEKÒL

Rele pou gen enfòmasyon sou swen pou timoun ak pwogram apre lekòl.

Parents United for Child Care (PUCC)	617.720.1290
ABCD's Childcare Choices of Boston	617.542.5437

MANJE, KAY, AK LÒT ASISTANS

Kontakte (Department of Transitional Assistance (DTA) Recipient Services) pou aplike pou jwenn lajan, manje oubyen asistans an ijans pou evite vin san zabri.

Massachusetts Department of Transitional Assistance (DTA) 600 Washington Street	617.348.8400
---	---------------------

Rele pou resevwa asistans manje.

Hunger Hotline/Project Bread 11 Beacon Street Room 800	1-800-645.8333
--	-----------------------

Rele pou jwenn asistans pou peye frè chofaj:

Biwo-a komanse aksepte aplikasyon pou moun ki ap itilize pwogram nan pou la premyè fwa nan dat 1er novanm.

ABCD Fuel Assistance 178 Tremont Street	617.357.6012 Ekstansyon 11
---	--------------------------------------

PWOBLÈM SANTE AK SEKIRITE

Pou repòte yon dife, oswa ijans medical, yon krim ki an pwogrè oswa lòt ijans, rele:

Polis, Ponpye & EMS Ijans Medikal	911
Rele si on gen pwoblèm oubyen ou vle plis enfòmasyon sou SIDA	
AIDS Hotline	1.800.235.2331

Rele pou repòte abi oubyen neglijan sou timoun. Anonim.
(Massachusetts Department of Social Services/DSS)

Child At Risk Hotline	1.800.792.5200
------------------------------	-----------------------

Si oumenm oubyen yon moun ou konnen ap souffri anba vyolans domestik, rele pou yon konseye, kay, onbyen yon moun pou pale avèk.

Casa Myrna Vasquez (Spanish)	1.800.992.2600
Asian Task Force Against Domestic Violence (Asian Languages)	617.338.2355
Association of Haitian Women (Haitian Kreyol, French)	617.287.0096
Kol Isha (Jewish)	781.647.5327
Emerge (Batterers Intervention Program)	617.547.9879
Rele pou enfòmasyon sou vyolans domestik oubyen abi seksyèl	
Jane Doe, Inc., 14 Beacon Street, Suite 507	617.248.0922

24-Hour Domestic Violence, Sexual Assault & Child Abuse Resources

SafeLink Hotline: 1.877.785.2020

IMIGRASYON / NATIRALIZASYON

Rele pou mande enfòmasyon oubyen pou aplike pou chanjman viza
US Citizenship & Immigration Services (USCIS)
617.565.1510 (Boston) o 1.800.375.5283 (national)
JFK Building, (Government Center)

Kontakte pou mande yon paspò Ameriken
Boston Passport Agency 1.877.487.2778
Thomas P. O'Neil Building, 10 Causeway St.

SÈVIS POU DJÒB AK KARYÈ

Tout biwo sa-a yo ofri enstriksyon pou djòb gratis onbyen a ba pri.
Yo ede-w chèche diòb tou.

Boston Career Link
1010 Harrison Avenue (Roxbury) 617.536.1888

JobNet (Downtown Boston)
210 South Street 617.338.0809

JobNet (Roxbury)
1010 Massachusetts Ave. 617.427.4855

The Workplace (Downtown Boston) 617.737.0093
29 Winter Street

ASISTANS LEGAL

Asistans legal pou moun ki pa fè anpil lajan.
Greater Boston Legal Services (GBLS) 617.371.1234
197 Friend Street

TRANSPÒTASYON

Rele pou pri tikè tren ak bis e pri tikè.
MBTA 617.222.3200
10 Boylston Place

Ale pou aplike pou yon lisans pou kondi oubyen you kat didantite.
Registry of Motor Vehicles (RMV) 617.351.4500
630 Washington Street (Chinatown)

Translated by: Global Villages 617-291-9054

Edited by: James Reginald Colimon
Mayor's Office of New Bostonians, 2008